



# Hupenyu Hutsva hwaRudo


Ngano inotsanangura muchidimbu kudzivirira kushungurudzwa kana kubatirwa panyaya dzine chekuita nebonde




*Rudo arikugara naamai nehanzvadzi yake kudzimba dzakasanopiwa vaya vakarasikirwa nedzimba dzavo munjodzi yemafashamo emvura. Baba vaRudo vakafa mushure mekunge vanyura mumafashamo emvura. Mai vaRudo varikurwara saka Rudo ndiye anoenda kundotora chikafu nembatya dzinogoverwa vakawirwa nedambudziko iri.*






Ndirikubatikana zvikuru uye ndatadza kugamuchira kukanganiswa kwakaitwa hupenyu hwedu nenjodzi yemafashamo emvura. Yakauraya baba vangu, apa hatichina kwekugara uye mai varikurwara. Ndapererwa.
Ndinofunga kuti ndinoziva anokwanisa kukubatsira. Mubatsiri akandibatsirawo


Mangwanani Trevor, iyi ishamwari yangu inonzi Rudo. Unokwanisa kumubatsirawo here mabatsiriro awakandiita?
Ndinokwanisa kumubatsira. Huya kuimba yangu Rudo titaure.


Ndine chikafu nemushonga zvakawanda muno. Ndinokwanisa kukupa chero chawada kana ukabvuma kuva shamwari yangu yepamoyo.
Ndoita sei kuti ndive shamwari yenyu?


Murikuitei?! Murikundibatirei?
Ingodzikama kani!
Ayewa! Handidi! Handidi shamwari dzakaro. Ndaifunga kuti muri munhu kwaye.
Iwe! Musikana iwe, kwakanaka here?


Ndabatikana nezvaandiita.
Usanetsekana mwanangu. Hapana chawatadza. Rega titsvage wekuudza.
Rudo naAmai vake vanoenda kunoudza vakuru vevabatsiri...
Ndineurombo nezvakaitika kwauri. Mutemo haubvimidzi kuti mubatsiri akubatirire kana kukushungurudza maererano nenyaya dzebonde sezvanga zvichida kuitwa naTrevor. Hazvitombobvumidzwi uye anobatwa achidaro ano dzingwa basa. Wagona nekuuya kwawaita. Mapurisa atori munzira yekuuya kuzomusunga.
Trevor akasungwa zuva iroro. Haachakwanisa kukwadza vamwe.
POLICE


Wadzidzei pane zvatataura nhasi Rudo?
Ndadzidza kuti zvakaitwa naTrevor zvakashata zvirikuru uyezve hazvibvumidzwi nemutemo. Ndadzidza kuti tine kodzero yekubatsirwa kana tawirwa nematambudziko uye hapana anofanirwa kukumbira bonde kana kuti mari kwatiri kuti tikwanise kubatsirwa. Ndadzidza kuti kana ndaremerwa nezvakaitika, ndinokwanisa kudzoka kuno kuzotaura nemi, kana kuudza mapurisa, kana kufonera Childline **pa116.**
Mwedzi mishoma yakapfuura...
Mhuri yaRudo yakapuwa imba itsva, mai vaRudo vakapora uyezve Rudo nehanzvadzi yake vava kukwanisa kuenda kuchikoro zvakare.

## ZRP Provincial Victim Friendly Unit

| | |
|---|---|
| **Manicaland:** | Tel 020-66594 |
| **Masvingo:** | Tel 039-263868 |
| **Bulawayo:** | Tel 09-889983 |
| **Gwanda:** | Tel 0284-24646 or 0774010668 |
| **Mhondoro / Ngezi:** | Tel 0774 167 150 |
| **Bindura:** | Tel 0271- 7686 |
| **Harare:** | Tel 665275/66585 |

**116 HELPLINE**

Kana wabatikana nenyaya iyi, kana kuti kana uchida wekutaura naye unokwanisa kufonera Childline pa116 (pasina mutero)

Ministry of Public Service, Labour & Social Welfare

Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Swiss Agency for Development and Cooperation SDC

UKaid from the British people

Sweden Sverige

Cry for help Childline

unicef for every child


## Acknowledgements

Rudo's New Life was a collaborative effort with affected communities, with the United Nations Children's Fund (UNICEF) leading the process. Constructive contributions were provided by girl children, young and adult women at Skyline Cyclone Idai Transit Camp in Chimanimani, Manicaland, Zimbabwe. Tendai Mufunda, Artist, developed the story and graphics based on a concept note and creative brief written by Titus Moetsabi, UNICEF Communication for Development Specialist.